

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas ucap anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna sapopoé. Minangka pakakas ucap, basa téh miboga fungsi pikeun alat komunikasi. Ieu pamanggih téh luyu jeung nu ditétélakeun ku Sudaryat (2004, kc. 6), yén basa nyaéta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis), tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi. Ayana prosés komunikasi téh lantaran manusa butuh pikeun ngedalkeun eusi pikiran, kahayang, rasa, jeung rupa-rupa pamaksudan ti hiji jalma ka jalma séjénna. Cara nepikeun sarupaning pamaksudan ti diri panyatur, bisa ngaliwatan basa lisan atawa tulisan. Basa lisan mah digunakeun nalika jalma keur gunem catur, ari basa tulisan nyaéta basa anu ditepikeun ngaliwatan média tulis.

Média tulis bisa kapanggih dina buku, majalah jeung koran. Salah sahiji koran anu eusina ngagunakeun basa Sunda nyaéta *Galura*. Ieu koran mimiti medal taun 1972. Nalika taun 1989 koran *Galura* ngaluarkeun wanda anyar jadi koran mingguan nu meunang pangrojong ti koran *Pikiran Rakyat*. Harita nu nyekel rédaksina nyaéta Us Tiarsa, Abdullah Mustapa, Aan Merdeka Permana, Mingguan *Galura* ngamuat tulisan carpon, puisi, kadangkala laporan (Haerudin jeung Suherman, 2015, kc. 15). Boh *Galura* boh koran séjénna ngagunakeun basa tulis nu béda dina wangun jeung wandana. Ilaharna di média massa mah tulisan-tulisan téh sok digunakeun dina wangun rubrik. Ari rubrik-rubrik nu aya dina *Galura* nyaéta Bakékok, Warna-Warni, Satukangeun Lalangsé, Mupu Kembang, Wayang, Milangkori, ti Sakola ka Sakola, Carpon/Ésey, Hutbah, Carita Nyambung, Macangkrama, jeung Lénsatama. Rubrik lénsatama dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan sabab éta rubrik téh ngandung rupa-rupa kalimah minangka médium komunikasi wujud tulisan anu ngebréhkeun acuan saméméhna jeung sanggeusna, dina kalimah-kalimah rubrik lénsatama kakandung kalimah-kalimah

déiksis. Déiksis anu aya dina kalimah-kalimahna leuwih nyoko kana acuan-acuan nu aya dina jero téks, sarta disebut déiksis éndoforis.

Maham kana kekecapan déiksis téh penting pisan, lantaran kekecapan déiksis sok digunakeun dina komunikasi sapopoé, upamana dina tindak tutur. maham kana déiksis ogé urang bisa paham kana kecap-kecap mana waé anu luyu jeung kontéks situasi komunikasi dina nepikeun informasi ka pamiarsa. Dina pangajaran di sakola kekecapan déiksis mindeng aya tur mindeng dipaké, upamana waé nalika nepikeun pangalaman, biantara, béwara, diskusi, ngawawancara tokoh, paguneman, jeung pangajaran maca warta.

Pangajaran maca warta geus diatur ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Nu écés dipertélakeun dina Kurikulum 2013 nu dituliskeun sacara eksplisit dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) tur silabus pangajaran basa jeung sastra Sunda tingkat SMP, pangajaran warta jadi salah sahiji kompetensi dasar nu kudu diajarkeun di tingkat SMP kelas VIII. Dina Kompetensi Dasar (KI-3) diuningakeun dina poin 8.3.2 yén siswa kudu “*Mengidentifikasi dan menganalisis téks warta sesuai dengan kaidah-kaidahnya*” (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013, kc. 28-29).

Panalungtikan ngeunaan déiksis geus aya nu nalungtik, di antarana: (1) “*Analisis Déiksis Sosial dina Novel Payung Butut karya Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP Kelas IX*” (Ita Purnamasari, 2010) ngeunaan jenis-jenis déiksis sosial nu aya dina novel payung butut tuluy dijadikeun bahan pangajaran nyarita di SMP Kelas IX, (2) “*Déiksis Éksoforis dina Novel Kolébat Kuwung-Kuwung Kinasih Katumbirian pikeun Bahan Pangajaran di SMA*” (Rani Intani, 2010) eusina ngeunaan déiksis éksoforis, nu dipedarna déiksis persona, déiksis temporal, déiksis lokatif jeung déiksis sosial tuluy dijadikeun bahan pangajaran di SMA, (3) “*Déiksis Temporal jeung Lokatif dina Novel Sri Panggung Karya Tjaraka*” (Elis Siti Nurhayat, 2006) eusina ngeunaan déiksis nu nuduhkeun waktu lumangsungna kajadian jeung déiksis nu nuduhkeun pernahna hiji hal nu aya dina novel Sri Panggung.

Najan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, nya éta ngeunaan déiksis tapi ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan museur kana déiksis

éndoforis, lian ti éta sumber datana nyaéta koran *Galura*. Béda halna jeung panalungtikan nu kahiji anu museur kana déiksis sosial, panalungtikan nu kadua anu museur kana déiksis éksoforis, jeung panalungtikan nu katilu anu museur kana déiksis temporal jeung déiksis lokatif. Sumber data nu digunakeun dina panalungtikan saméméhna nyaéta karya sastra wungkul.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Déiksis Éndoforis dina Wacana Rubrik Lénsatama Koran *Galura* pikeun Bahan Pangajaran Maca Warta di SMP (Tilikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Pasualan déiksis téh raket patalina jeung unsur-unsur basa nu dipaké pikeun nuduhkeun hiji acuan, Hal ieu téh penting lantaran acuan nu salah diacu ku unsur basa bakal ngabalukarkeun salah tafsir. Unsur-unsur basa nu dipaké ngacu hiji objek aya nu museur ka jero (éndoforis), aya nu kaluar (éksoforis). Ku kituna, aya sababaraha masalah nu rék diidéntifikasi nyaéta:

- 1) posisi antésédén déiksis éndoforis anu kapanggih dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*;
- 2) wujud antésédén anu diacu ku déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*;
- 3) makéna déiksis éndoforis dina bahan pangajaran maca warta di SMP.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalahna dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha posisi antésédén déiksis éndoforis anu kapanggih dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*?
- 2) Kumaha wujud antésédén anu diacu ku déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*?
- 3) Kumaha larapna déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura* lamun dijadikeun bahan pangajaran maca warta di SMP?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskrripsikeun:

- 1) posisi antésédén déiksis éndoforis anu kapanggih dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*;
- 2) wujud antésédén anu diacu ku déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura*; jeung
- 3) larapna déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama koran *Galura* pikeun d bahan pangajaran maca warta di SMP?

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan nyoko kana mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis:

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dina unggal panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nyaéta ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan paélmuan ngeunaan kekecapan nu kaasup kana déiksis éndoforis tur bisa nambahan pangaweruh déiksis dina katatabasaan sarta leuwih jembar deui.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun panalungtik, guru, jeung siswa.

1) Mangpaat pikeun panalungtik

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan katatabasaan.

2) Mangpaat pikeun guru

Dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bahan informasi ka masarakat sangkan bisa weruh kana unsur déiksis.

3) Mangpaat pikeun siswa

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun minat siswa dina maca warta.

### 1.5 Sistematika Tulisan

Ieu panalungtikan téh disusun dina lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir. Anapon dina ulikan pustaka eusina ngeunaan déiksis éndoforis dina wacana rubrik lénsatama Koran *Galura*.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran.

Bab V Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, jeung méré saran kana panalungtikan anu can dilaksanakeun.